



Nòt soti nan tanpèt la:

Travayè domestik imigran
Nwa yo nan moman COVID-19 la

SALÈ KONPETANS AK RESPÈ - REZIME DONE YO: JEN 2020
Prezante pa Inisyativ Travayè Nwa nan Institute for Policy Studies (IPS)
an kolaborasyon avèk pwogram NDWA, We Dream in Black

NÒT SOTI NAN TANPÈT LA:

Travayè domestik imigran Nwa yo nan moman COVID-19 la

Travayè domestik imigran Nwa yo nan mitan twa tanpèt k ap kontre ansanm—pandemi Covid 19 la, efè depresyon ekonomik la ka pote, ak pwoblèm rasis nan tout nivo.

Idantite entèseksyonèl yo tankou: moun Nwa, imigran, fanm, ak travayè ki pa byen touche, vinn rann travayè esansyèl sa yo vinn pi envizib ak pi vilnerab nan peyi nou an.

Inisyativ Travayè Nwa nan Institute for Policy Studies (IPS) [Enstiti pou Etid Règleman] an kolaborasyon avèk pwogram NDWA, We Dream in Black [Nou reve an Nwa] la, te fè yon sondaj ki te kòmanse depi 19 me jiska 6 jen, 2020 pou travayè domestik imigran Nwa nan twa kòtè—avèk rezilta ki soti nan Massachusetts, Miami-Dade nan Florida, ak nan New York - yo gade enpak COVID-19 la sou travayè domestik Nwa yo.

Plis pase 800 travayè domestik reponn Sondaj Travayè Domestik Nou reve an Nwa a. [Gade total konplè yo nan seksyon Apendis la]

Pandan nasyon an ap pare pou li louvri ankò nan mitan soulèvman pèp la kont injistis rasyal la, eksperyans travayè domestik imigran Nwa yo montre tout sa nou dwe rejte ak tout sa nou dwe bati yo pou nou vinn pi an sekirite, vinn pi fò, ak pou nou vinn yon peyi pi jis. Nou dwe asire nou ke asistans èd federal yo rive jwenn travayè domestik nwa yo, epitou pou yo nan mitan tout jefò k ap fèt pou remete ekonomi an sou pye ak plan pou rebati l.

Tout kote yo: Massachusetts, Miami-Dade, FL ak New York, NY

Enpak ekonomik pèsonèl

Travay ki pèdi.

Nan tout kote yo, **70 pousan imigran Nwa ki fè travay domestik e ki te patisipe nan sondaj la swa pèdi travay yo (45 pousan) oswa yo te redwi èdtan travay e yo touche mwens lajan (25 pousan)**. Pami twa kote nou te fè sondaj yo, **Miami-Dade te frape pi fò**, ak 93 pousan nan moun ki reponn yo, swa yo te voye yo ale (83 pousan) oswa yo travay mwens èdtan ak touche mwens lajan (9 pousan).

Travayè san papyè yo te gen prèske de fwa plis chans pou yo te voye yo ale ke travayè ki gen papyè yo (64 pousan konpare ak 35 pousan).

Travayè ki gen papyè yo gen prèske de fwa plis chans pase travayè san papyè yo pou yo gen mwens èdtan travay ak touche mwens lajan. (30 pousan konpare ak 16 pousan).

Plis pase mwatye (52 pousan) rapòte ke estati imigrasyon yo gen yon enpak negatif sou kapasite yo pou yo jwenn nouvo travay. Pousantaj la te pi wo pou travayè san papyè yo (67 pousan).

Enskirite lojman.

Nan tout kote yo, **65 pousan nan moun ki reponn sondaj la te di ke yo pè, oswa yo riske pou yo degèpi yo, oswa sèvis piblik yo ka koupe nan twa mwa kap vini yo**. Pami twa kote sondaj yo te fèt la, **travayè Miami-Dade yo pi frajil**, ak 90 pousan nan moun ki reponn te rapòte ke yo te riske mete yo deyò oswa pou sèvis piblik yo koupe.

Pousantaj la te pi wo pou travayè san papyè yo (77 pousan) pase sa ki gen papyè yo (58 pousan). Nan Miami-Dade, 94 pousan rapòte ke yo an danje.

Pa gen rezo sekirite sosyal.

Pami tout moun ki te reponn yo, 49 pousan di yo pè pou yo chèche asistans oswa resous nan men gouvènman federal la, leta, oswa gouvènman lokal la akòz estati imigrasyon yo.

Chif la te pi wo pou travayè san papyè yo (76 pousan) pase sa ki gen papyè yo (35 pousan). Pi gwo pousantaj la te nan Massachusetts (95 pousan), New York (80 pousan) vinn apre, epi Miami-Dade (70 pousan) an denye.



Nan tout twa kote yo, 25 pousan te fè eksperyans oswa ap viv ak yon moun ki te gen sentòm COVID-19 yo.

Vilnerabilite sante ak sekirite

Mank PPE.

Nan tout kote yo, **73 pousan pa te resevwa ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) nan men patwon yo.**

Pousantaj la pi wo pou travayè san papyè yo (84 pousan konpare ak 68 pousan). Miami-Dade te gen pi gwo pousantaj yo rapòte a, 95 pousan.

Mank asirans sante.

Nan tout twa kote yo, **51 pousan nan moun ki reponn yo te di ke yo pa gen asirans sante.** Travayè Miami-Dade yo te pi mal, 85 pousan te di yo pa gen okenn asirans sante.

Travayè san papyè yo gen pi gwo pousantaj moun ki pa gen asirans yo (88 pousan konpare ak 32 pousan travayè ki gen papyè yo). Nan Miami-Dade, 100 pousan nan travayè san papyè yo rapòte ke yo pa genyen asirans sante.

Kontak ak COVID-19

Nan tout twa kote yo, **25 pousan te fè eksperyans oswa ap viv ak yon moun ki te gen sentòm COVID-19 yo.** Risk pou kontak la te pi ba pou travayè san papyè yo (9 pousan), e li te pi wo pou sa ki gen papyè yo (32 pousan). Nan Massachusetts, 50 pousan nan travayè domestik rapòte ke yo te gen kontak.

Nan etid sa a, travayè ki gen papyè yo te gen twa fwa plis chans pou yo gen kontak ak kowonaviris la pase sa ki san papyè yo (32 pousan konpare ak 9 pousan), pètèt paske yo te toujou ap travay.

Massachusetts

Enpak ekonomik pèsònèl

Travay ki pèdi.

Nan Massachusetts, 59 pousan nan tout moun ki te reponn yo te pèdi travay yo (21 pousan) oswa gen mwens èdtan travay ak touche mwens lajan (38 pousan). Gen plis chans pou yo voye travayè san papyè yo ale (58 pousan) pase sa ki gen papyè yo (16 pousan), men mwens chans pou yo gen mwens èdtan travay ak touche mwens lajan (16 pousan) pase travayè ki gen papyè yo (41 pousan). Pami tout moun ki reponn yo, 33 pousan kwè ke estati imigrasyon yo gen yon enpak negatif sou kapasite yo pou yo jwenn nouvo travay. Pousantaj la pi wo nan mitan travayè san papyè yo (63 pousan) pase sa ki gen papyè yo (28 pousan).

Ensekirite lojman.

Nan Massachusetts, 56 pousan nan tout moun ki reponn sondaj la te di ke yo pè, oswa yo riske pou yo degèpi yo, oswa sèvis piblik yo ka koupe nan twa mwa kap vini yo. Pami travayè san papyè yo, 68 pousan rapòte ke yo riske pedi kay yo konpare ak 55 pousan travayè ki gen papyè yo.

Pa gen rezo sekirite sosyal.

Nan Massachusetts, 51 pousan nan tout moun ki reponn sondaj la pè chèche asistans oswa resous nan men gouvènman federal la, leta, ak gouvènman lokal yo akòz estati imigrasyon yo. Pousantaj travayè san papyè ki rapòte yo pè chèche asistans pi wo (95 pousan) pase sa ki gen papyè yo (54 pousan).

Vilnerabilite sante ak sekirite

Mank PPE.

Nan Massachusetts, 52 pousan nan tout moun ki reponn yo te rapòte ke yo pa te resewa ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) nan men patwon yo. Pousantaj la pi wo (63 pousan) pou travayè san papyè yo pase sa ki gen papyè yo (54 pousan).

Mank asirans sante.

Nan Massachusetts, 20 pousan nan tout moun ki reponn yo ak 42 pousan nan travayè san papyè yo pa gen asirans sante. Pami travayè ki gen papyè yo, 18 pousan pa gen asirans sante.

Kontak ak COVID-19.

Nan Massachusetts, 49 pousan nan tout moun ki reponn yo te fè eksperyans oswa ap viv avèk yon moun ki te gen sentòm COVID-19 yo, oswa yo te gen yon pi gwo risk pou yo gen kontak. Travayè san papyè yo gen mwens chans pou yo gen sentòm yo oswa gen pi gwo risk pou yo gen kontak (26 pousan) pase sa ki gen papyè yo (52 pousan).

Miami-Dade, Florida

Enpak ekonomik pèsònèl

Travay ki pèdi.

Nan Miami-Dade, 93 pousan nan moun ki reponn yo swa pèdi travay yo (83 pousan) oswa gen mwens èdtan travay ak touche mwens lajan (9 pousan). Pou moun ki san papye yo, 96 pousan di yo te voye yo ale (konpare ak 67 pousan sa ki gen papye yo) epitou 2 pousan ladan yo te gen mwens èdtan travay ak touche mwens lajan (konpare ak 20 pousan sa ki gen papye yo). Anplis de sa, 89 pousan nan moun ki reponn yo kwè ke estati imigrasyon yo gen yon enpak negatif nan kapasite pou yo jwenn nouvo travay. Pou travayè san papye yo, 95 pousan kwè ke estati imigrasyon yo se yon antrav li ye pou jwenn nouvo travay (konpare ak 80 pousan sa ki gen papye yo).

Ensekirite lojman.

Nan Miami-Dade, 90 pousan nan moun ki reponn sondaj la te di ke yo pè, oswa yo riske pou yo degèpi yo, oswa sèvis piblik yo ka koupe nan twa mwa kap vini yo. Pami travayè san papye yo, 94 pousan rapòte ke yo riske pedi kay yo konpare ak 85 pousan sa ki gen papye yo.

Pa gen rezo sekirite sosyal.

Nan Miami-Dade, 58 pousan nan moun ki reponn sondaj la pè chèche asistans oswa resous nan men gouvènman federal la, leta, ak gouvènman local la akòz estati imigrasyon yo. Pousantaj travayè san papye yo ki rapòte ke yo pè chèche asistans la pi wo (70 pousan) pase sa ki gen papye yo (42 pousan).

Vilnerabilite sante ak sekirite

Mank PPE.

Nan Miami-Dade, 89 pousan nan moun ki reponn yo te rapòte ke yo pa te resevwa ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) nan men patwon yo. Pousantaj la pi wo (95 pousan) pou travayè san papye yo pase sa ki gen papye yo (82 pousan).

Mank asirans sante.

Nan Miami-Dade, 85 pousan nan tout moun ki te reponn yo, epi 100 pousan nan moun ki san papye yo ki te reponn yo pa gen asirans sante (konpare ak 65 pousan sa ki gen papye yo).

Kontak ak COVID-19.

Nan Miami-Dade, 7 pousan nan moun ki te reponn yo te fè eksperyans oswa ap viv avèk yon moun ki te gen sentòm COVID-19 yo, oswa yo te gen yon pi gwo risk pou yo gen kontak. Pami moun ki san papye yo, 2 pousan ladan yo te rapòte sentòm oswa ke yo te gen kontak konpare ak 52 pousan sa ki gen papye yo.

New York, NY

Enpak ekonomik pèsonèl

Travay ki pèdi.

Nan New York, 62 pousan nan moun ki reponn yo swa pèdi travay yo, oswa yo gen mwens èdtan travay ak touche mwens lajan. Pandan ke yo te voye travayè ki gen papye yo ale ak yon pousantaj ki pi wo (34 pousan konpare ak 30 pousan), sa ki san papye yo te gen plis chans pou yo ap travay mwens èdtan travay ak touche mwens lajan (31 pousan konpare ak 28 pousan). Pami tout moun ki te reponn yo, 35 pousan rapòte ke estati imigrasyon yo gen yon enpak negatif nan kapasite pou yo jwenn nouvo travay.

Ensekirite lojman.

Nan New York, plis pase mwatye (54 pousan) nan travayè domestik imigran Nwa yo te rapòte ke yo riske pou yo degèpi yo, oswa sèvis piblik yo ka koupe nan twa mwa kap vini yo. Travayè ki san papye yo (60 pousan) te gen yon pi gwo risk pase sa ki gen papye yo (51 pousan).

Pa gen rezo sekirite sosyal.

Nan New York, 43 pousan nan moun ki te reponn sondaj la pè chèche asistans oswa resous nan men gouvènman federal la, leta, ak gouvènman local la akòz estati imigrasyon yo. Pousantaj la pi wo pou travayè san papye yo (80 pousan) pase sa ki gen papye yo (28 pousan).

Vilnerabilite sante ak sekirite

Mank PPE.

Nan New York. Se yon gwo sezisman ke 75 pousan nan moun ki te reponn yo te rapòte ke yo pa te resevwa ekipman pwoteksyon pèsonèl (PPE) nan men patwon yo, epi pa te gen yon gwo diferans ant travayè imigran ki san papye yo ak sa ki gen papye yo.

Mank asirans sante.

Nan New York, 45 pousan nan moun ki te reponn yo pa gen asirans sante. Pi gwo divizyon ant travayè ki san papye yo ak sa ki gen papye yo se sou zafè pwoteksyon asirans sante. Pandan ke 29 pousan travayè ki gen papye yo pa gen okenn fòm asirans sante, yon pi gwo kantite, 83 pousan travayè san papye pa gen okenn asirans sante.

Kontak ak COVID-19.

Nan New York, 24 pousan nan moun ki te reponn yo te fè eksperyans oswa ap viv avèk yon moun ki te gen sentòm COVID-19 yo, oswa yo te gen pi gwo risk pou yo gen kontak. Travayè ki gen papye yo (28 pousan) rapòte pi gwo risk pase sa ki san papye yo (14 pousan).

APENDIS

Moun ki reponn sondaj la — total pa zone

	Tout vil yo	New York	Miami-Dade	Massachusetts
Total	100% (811)	51% (413)	28% (227)	21% (171)
<i>San papye (pousantaj pou tout)</i>	33% (267)	45% (121)	48% (127)	7% (19)
<i>Gen papye (pousantaj pou tout)</i>	67% (544)	54% (292)	18% (100)	28% (152)

Kalite travay (Moun ki reponn yo ka fè plis pase yon travay)

	Tout	New York	Miami-Dade	Massachusetts
Bòn timoun oswa gadri prive	56% (457)	79% (326)	34% (78)	31% (53)
<i>San papye</i>	66% (176)	84% (101)	50% (64)	58% (11)
<i>Gen papye</i>	52% (281)	77% (225)	14% (14)	28% (42)
Moun ki bay swen nan kay oswa konpanyon*	29% (233)	15% (60)	31% (70)	61% (103)
<i>San papye</i>	18% (47)	9% (11)	24% (30)	32% (6)
<i>Gen papye</i>	34% (186)	17% (49)	40% (40)	64% (97)
Moun ki netwaye kay oswa bòn	25% (205)	16% (66)	53% (121)	11% (18)
<i>San papye</i>	48% (127)	25% (30)	72% (91)	32% (6)
<i>Gen papye</i>	14% (78)	12% (36)	30% (30)	8% (12)
Lòt endistri ki pa travay domestik	9% (72)	2% (10)	20% (46)	9% (16)
<i>San papye</i>	14% (37)	3% (4)	25% (32)	5% (1)
<i>Gen papye</i>	6% (35)	2% (6)	14% (14)	10% (15)
Espesyalis tibebe ki fèk fèt nan kay kliyan an	7% (58)	7% (28)	13% (29)	0.6% (1)
<i>San papye</i>	14% (38)	7% (9)	23% (29)	0%
<i>Gen papye</i>	4% (20)	7% (19)	0%	>1% (1)
Yon manb fanmi ki pa touche k ap pran swen yon granmoun aje oswa moun ki andikape.	5% (44)	1% (5)	16% (36)	2% (3)
<i>San papye</i>	12% (33)	3% (4)	23% (29)	0%
<i>Gen papye</i>	2% (11)	>1% (1)	7% (7)	2% (3)

*Ki gen ladan CNA, PCA, HHA, avèk travayè ki pa gen lisans yo



Institute for
Policy Studies



ALYANS NASYONAL
TRAVAYÈ DOMESTIK

Nòt soti nan tanpèt la:

Travayè domestik imigran
Nwa yo nan moman COVID-19 la